

Èd pou Fanmi apre Adopsyon an

Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Eta New York la (New York State Office of Children and Family Services, OCFS) pran angajman pou l idantifye rapò ki genyen ak sèvis fanmi adoptif yo plis chache paske yo bezwen sipò. Lis kontak yo la pou yo kouvri pi gwo ranje bezwen yo. Tanpri, prete atansyon a fason w santi repons lan; si gen yon bagay ki pa reponn ak bezwen fanmi w genyen yo, eseye yon lòt founisè oswa yon lòt direksyon.

Kontni yo

Enfòmasyon Kontak

Lyen pou Kriz/Liy Dirèk pou Rele Gratis

Sit Entènèt pou Resous/Enfòmasyon

Sèvis pou Timoun ak Fanmi

Finansman Apre Adopsyon nan TANF

Konsèy New York pou Timoun yo Ka Adopte yo (K ap Sèvi Vil New York)

Sant Resous Rejyonal pou Pèmanans (Regional Permanency Resource Centers, PRCs)

Lyen pou Kriz/Liy Dirèk pou Rele Gratis

Si ou menm oswa yon moun ou konnen aktyèlman an danje imedya pou (w) li blese, nou ankouraje w rele 911 kounya.

- **211**
- **311 (Vil New York sèlman)**
- **NYC Well:**
 - 1-888-692-9355** (1-888-NYC-WELL) Peze 2 pou Anglè; 3 pou Panyòl; 4 pou Azyatik.
 - 1-212-982-5284** RELE 711 (Sèvis Relè pou Moun ki Soud/Moun ki Tande Di) (TTY)
- Liy Dirèk pou Kriz Jèn yo nan Tout Peyi a (National Youth Crisis Hotline) (Hopeline): 1-800-442-HOPE (4673)
- Liy Telefonik pou Swisid ak Kriz nan Boys Town (Boys Town Suicide and Crisis Line): **1-800-448-3000** oswa **1-800-448-1833** (TDD)
- National Runaway Switchboard: **1-800-RUNAWAY** (1-800-786-2929) oswa TÈKS 66008
- Liy Asistans Defansè pou Timoun yo (Advocates for Children) (Edikasyon): **1-866-427-6033** (Vil New York sèlman, Lendi jiska Jedi)

Sit Entènèt pou Resous/Enfòmasyon

- Kowalisyon Fanmi Adoptif ak Fanmi dakèy nan New York (Adoptive and Foster Family Coalition New York)
- Sant pou Amelyorasyon nan Zafè Gadri, (Center for the Improvement of Child Caring, CICC)

- Pasrèl Enfòmasyon sou Pwoteksyon Byennèt Timoun (Child Welfare Information Gateway)
- Families Together in NYS, Inc
- Sèvis Spence-Chapin ap bay Fanmi ak Timoun yo (Spence-Chapin Services to Families and Children)
- Alyans Nasyonal pou Maladi Mantal nan Eta New York (National Alliance for Mental Illness of New York State, NAMI-NYS)
- NYC Well
- Biwo Sèvis pou Abi Alkòl ak Dwòg nan Eta New York, (New York State Office of Alcoholism and Substance Abuse Services, OASAS)
- Depatman Edikasyon nan Eta New York- Resous pou Paran yo
- Pwogram NYS Kinship Navigator (NYS Kinship Navigator Program)
- Biwo pou Moun ki gen Andikap nan Devlopman yo nan Eta New York (New York State Office for People With Developmental Disabilities)
- Biwo Sante Mantal nan Eta New York la (New York State Office of Mental Health) – Resous Sante Mantal pou Piblik la (Mental Health Resources for the Public)
- Paran ak Paran nan Eta New York (Parent to Parent of New York State)
- Asistans Tanporè pou Fanmi Ki Nan Bezwen (Temporary Assistance for Needy Families)

Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Services for Children and Families)

OCFS ak departman sèvis sosyal lokal ou a disponib pou sipòte epi ede fanmi adoptif yo. Tanpri, panse kontakte departman sèvis sosyal lokal ou a, ansanm ak lòt ajans ki nan lis sa a, ki la pou ede w idantifye sèvis ki nesèsè yo, pou dirije w a resous kominotè yo epi a lòt paran adoptif yo, oswa jis pou koute w.

Finansman Apre Adopsyon nan TANF (TANF Post-Adoption Funding)

Gouvènè Cuomo Anonse \$1.57 Milyon Pou Sèvis Apre Adopsyon yo

Konsèy New York pou Timoun yo Kapab Adopte yo (K ap Sèvi Vil New York) (New York Council on Adoptable Children (Serving NYC))

Kontak pou Pwogram lan:

Joann Buttarò

333 W 39th Street, 2èm Etaj

New York, NY 10018

212-475-0222

Sant Resous Rejyonal pou Pèmanans (Regional Permanency Resource Centers, PRCs)

PRCs travay pou:

- anpeche disolisyon/dezòd apre adopsyon epi apre responsablite legal,
- bay fanmi yo èd pou paran adoptif ak responsab legal la (yo) ka pran swen timoun yo adomisil,
- ranfòse fanmi ki fin fè adopsyon yo ak fanmi ki fin pran responsablite legal yo, epi
- evite plasman nan fwaye dakèy oswa lòt plasman ki pa yon fanmi nòmàl.

PRCs sèvi fanmi ki fin fè adopsyon yo ak fanmi ki fin pran responsablite legal yo, epi Fanmi apre adopsyon yo (fanmi ki fin fè adopsyon yo), se tout fanmi ki fin regle zafè adopsyon timoun yo a. Gen ladan nenpòt manm fanmi adoptif, kit adopsyon an se te yon ajans adopsyon (ajans piblik oswa ajans volontè ki otorize); yon adopsyon plasman prive; oswa yon adopsyon entènasyonal. Fanmi apre responsablite legal yo (fanmi ki fin pran responsablite legal yo) gen ladan l tout fanmi ki gen dwa antanke responsab legal yon timoun epi yon akò KinGAP ki apwouve oswa fanmi ki gen responsablite legal san yo pa gen yon akò KinGAP.

Abbott House

Kontak pou Pwogram lan: Althea Milton, amilton@abbotthouse.net

100 Commerce Drive, Suite 101, New Windsor, NY 12553

914-740-6225

K ap Sèvi konte Dutchess, Sullivan, Ulster epi Westchester.

Kowalisyon Fanmi Adoptif ak Fanmi dakèy nan New York (Adoptive and Foster Family Coalition of New York)

Pwogram pou Asistans nan Zafè Adopsyon ak Responsablite Legal pou Tout Moun (Adoptive and Guardianship Assistance Program, AGAPE nan Southern Tier Finger Lakes)

Kontak pou Pwogram lan: Renee Hettich, renee@affcny.org

950 Danby Road Suite 318, Ithaca, NY 14850

607-272-0034

888-354-1342

K ap Sèvi konte Broome, Chemung, Schuyler, ak Tompkins.

Kowalisyon Fanmi Adoptif ak Fanmi dakèy nan New York (Adoptive and Foster Family Coalition of New York)

Pwogram pou Asistans nan Zafè Adopsyon ak Responsablite Legal pou Tout Moun (Adoptive and Guardianship Assistance Program, AGAPE nan Hudson Valley)

Kontak pou Pwogram lan: Sharon Williams, sharon@affcny.org

108 Main Street, Suite 5, New Paltz, NY 12561

845-679-9900

888-354-1342

K ap Sèvi konte Columbia, Delaware, Dutchess, Greene, Orange, Putnam, Rockland, Sullivan, ak Ulster.

Kowalisyon Fanmi Adoptif ak Fanmi dakèy nan New York (Adoptive and Foster Family Coalition of New York)

Pwogram pou Asistans nan Zafè Adopsyon ak Responsablite Legal pou Tout Moun (Adoptive and Guardianship Assistance Program, AGAPE nan Central NY)

Kontak pou Pwogram lan: Renee Hettich, renee@affcny.org

950 Danby Road, Suite 318, Ithaca, NY 14850

607-272-0034

888-354-1342

K ap Sèvi konte Cayuga, Chenango, Cortland, ak Madison.

Kowalisyon Fanmi Adoptif ak Fanmi dakèy nan New York (Adoptive and Foster Family Coalition of New York)

Pwogram pou Asistans nan Zafè Adopsyon ak Responsablite Legal pou Tout Moun (Adoptive and Guardianship Assistance Program, AGAPE nan Long Island)

Kontak pou Pwogram lan: Samantha Fuhrman, samantha@affcny.org

21 Greene Avenue, Amityville, NY 11701

631-598-1983

888-354-1342

K ap Sèvi Konte Nassau, Putnam, Rockland, ak Suffolk.

**Catholic Charities Diocese of Rochester
DBA Catholic Charities of the Finger Lakes**

Kontak pou Pwogram lan: Deacon Peter Dohr, peter.dohr@dor.org

94 Exchange Street, Geneva, NY 14456

315-789-2686

K ap Sèvi konte Ontario, Orleans, Seneca, Wayne, ak Yates.

Child Care Coordinating Council of the North Country

Kontak pou Pwogram lan: Jamie Basiliere, jamie@primelink1.net

Bwat Postal 2640, 194 US Oval, Plattsburgh, NY 12901

518-561-4999

K ap Sèvi konte Clinton, Essex, Franklin (gen ladan l St. Regis Mohawk Indian Reservation), Hamilton ak St. Lawrence.

Children's Home of Jefferson County

Kontak pou Pwogram lan: Karen Richmond, Krichmond@nnychildrenshome.com

Bwat Postal 1132 6550, 1704 State Street, Watertown, NY 13601

315-788-7430

K ap Sèvi konte Franklin (gen ladan l St. Regis Mohawk Indian Reservation), Jefferson, Lewis, Oswego, ak St. Lawrence counties.

G.A. (Gustavus Adolphus) Family Services, Inc.

Kontak pou Pwogram lan:

Karl Wiggins, karlw@lutheran-jamestown.org

Erika Garcia, egarcia@lutheran-jamestown.org

200 Gustavus Avenue, Jamestown, NY 14701

716-665-2116

K ap Sèvi konte Cattaraugus, Chautauqua, Erie, Niagara ak Wyoming.

Hillside Children's Center - Binghamton

Kontak pou Pwogram lan:

Tess Mahnken-Weatherspoon, tmahnken@hillside.com

Beth Harrington, bharring@hillside.com

840 Upper Front Street, Binghamton, NY 13905

607-722-2507

K ap Sèvi konte Alleghany, Broome, Chemung, Onondaga, Steuben, ak Tioga.

Hillside Children's Center - Rochester

Kontak pou Pwogram lan:

Tess Mahnken-Weatherspoon, tmahnken@hillside.com

Karen Kelley, kkelley@hillside.com

1 Mustard Street, Rochester, NY 14609

585-654-1463

K ap Sèvi konte Genesee, Livingston, Monroe ak Wyoming.

New Alternatives for Children, Inc.

Kontak pou Pwogram lan: Patricia Bryant-Reid, pbreid@nackidscan.org

37 West 26th St, 6èm Etaj, New York, NY 10010

K ap sèvi senk (5) minisipalite Vil New York yo.

New York Council on Adoptable Children

Kontak pou Pwogram lan: Joann Buttarro, jbuttarro@coac.org

333 W 39th St, 2èm Etaj, New York, NY 10018

212-475-0222

K ap sèvi senk (5) minisipalite Vil New York yo.

Parsons Child and Family Center

Kontak pou Pwogram lan: Suzanne D'Aversa, Suzanne.daversa@northernrivers.org

60 Academy Road, Albany, NY 12208

518-426-2600

K ap sèvi konte Albany, Fulton, Montgomery, Rensselaer, Saratoga, Schenectady, Warren, ak Washington.

The Family Center, Inc.

Kontak pou Pwogram lan: Marya Gilborn, mgilborn@thefamilycenter.org

493 Nostrand Ave, Brooklyn, NY 11216

718-230-1379

K ap sèvi senk (5) minisipalite Vil New York yo.

The Neighborhood Center

Kontak pou Pwogram lan: Patrice VanNortwick, patricev@neighborhoodctr.org

624 Elizabeth Street, Utica, NY 13501

315-272-2615

L ap Sèvi: Konte Oneida, Herkimer, Otsego, ak Schoharie.

Sibvansyon pou Adopsyon nan New York (New York Adoption Subsidies)

- Kontni yo
- Enfòmasyon Kontak
- Kisa Sibvansyon pou Adopsyon yo ye?
- Poukisa sibvansyon pou adopsyon yo disponib?
- Kiyès moun ki kalifye?
- Detèminasyon Kalifikasyon
- Kijan yo soumèt aplikasyon yo?
- Ki nivo peman yo pral apwouve pou Sibvansyon Adopsyon an?
- Ki dokiman ki obligatwa?
- Kisa ki pa sipòte sibvansyon yo?
- Kisa k ap rive pou pwoblèm alavni yo?
- E si dosye a pa reponn ak egzijans ki genyen pou l ka jwenn yon sibvansyon?
- Ki fason yo ka akselere pwosesis sibvansyon yo?
- Lè w klike sou yon tèm ki souliye, sa pral mennen w nan definisyon tèm sa a nan Glosè a. Sèvi ak bouton 'Back' (Retounen) ou a pou w ka retounen nan tèks la.

Objektif enfòmasyon sa a se pou ede travayè sosyal yo akselere pwosesis kalifikasyon an epi apwobasyon sibvansyon pou adopsyon an, kote y ap plis konsidere sibvansyon pou moun ki gen andikap yo. Apwobasyon pou demann sibvansyon adopsyon yo souvan pran tan sitou lè kalite oswa kontni dokiman yo prezante avèk aplikasyon an pa sipòte pousantaj yo mande a. Enfòmasyon sa a pral klarifye sa ki nesèsè nan men doktè ak pwofesyonèl sante mantal yo pou dokimante bezwen timoun nan. Li ka itil pou pataje kèk pati nan enfòmasyon sa yo ak pwofesyonèl sa yo.

Glosè a, ak eksplikasyon konsènan pwosesis la, la pou ede pwosesis aplikasyon sibvansyon an mache pi byen pou tout moun ki konsène yo; men, pa gen okenn tantativ ki te fèt pou adrese tout pwoblèm ki ka parèt yo, konsènan pwogram sibvansyon adopsyon an. Yo ankouraje travayè sosyal yo pou yo pale ak sipèvizè yo epi estaf jiridik yo konsènan pwoblèm espesyal ki nan dosye yo.

Kisa Sibvansyon pou Adopsyon yo ye?

Sibvansyon pou adopsyon yo se peman pou sipò yo bay chak mwa (gade nan Glosè a: Maintenance Subsidy (Sibvansyon pou Sipò)) ki ka disponib selon bezwen espesyal yon timoun.

Timoun yo adopte (gade nan Glosè a: Adoptive Placement (Plasman pou Adopsyon)) kapab kalifye pou pwogram Asistans Medikal federal la tou oswa pou Sibvansyon Medikal Eta a finanse. Revizyon tout sibvansyon pou adopsyon yo baze sou prezantasyon ak apwobasyon dokiman ki reponn ak egzijans legal ak egzijans regilatwa yo.

Eksepte pwoblèm ki egziste deja yo pa konnen yo, yo dwe apwouve akò sibvansyon adopsyon yo anvan adopsyon an fini (gade nan Glosè a: Approved Subsidy (Sibvansyon Yo Apwouve)).

Yon akò sibvansyon pou adopsyon se yon kontra ant paran adoptif la (yo) ak depatman sèvis sosyal lokal la.

Yo kontinye bay sipò pou timoun nan jiskaske timoun nan gen 21 lane, sof si paran adoptif la pa gen responsablite legal pou sipòte timoun nan ankò oswa timoun nan pa resevwa okenn sipò nan men paran adoptif la ankò. Asistans Medikal ak Sibvansyon Medikal la ap kontinye pou timoun ki gen andikap yo nan menm paramèt sa yo. Asistans Medikal pou timoun ki difisil pou yo plase yo yon kote a, p ap kontinye apre timoun sa yo fin gen plis pase 18 lane, sof si gen yon detèminasyon sou bezwen an.

Poukisa sibvansyon pou adopsyon yo disponib?

Yo bay sibvansyon yo pou ede reponn ak bezwen espesyal ki genyen nan zafè pran swen timoun ki gen andikap yo epi timoun ki difisil pou yo plase yo yon kote epi pou ankouraje ak fasilite adopsyon yo. Sibvansyon yo ede timoun ki pa ka rete ak fanmi byolojik yo ankò, jwenn yon fanmi k ap byen resevwa yo epi ba yo bonjan sipò.

Kiyès moun ki kalifye?

Sibvansyon pou adopsyon yo disponib pou timoun ki gen andikap yo epi pou timoun ki difisil pou yo plase yo yon kote a, epi ki sou gad ak responsablite legal komisè sèvis sosyal lokal la, oswa yon ajans volontè yo otorize nan Eta New York, oswa yon paran adoptif ki sètifye oswa ki apwouve. Se pa tout

timoun ki sou gad oswa responsablite legal yon komisè oswa yon ajans volontè nan Eta New York ki kalifye pou yon sibvansyon.

Detèminasyon Kalifikasyon

Kalifikasyon pou sibvansyon adopsyon an baze sou lwa ak règleman federal ak eta a. Detèminasyon kalifikasyon an, egzije pou yo verifye timoun nan reponn ak tout estanda règleman yo, dapre dispozisyon ak apwobasyon dokiman ki obligatwa yo. Pousantaj pou peman sipò yo jeneralman baze sou gravite bezwen timoun yo. Pou yo apwouve yon sibvansyon pou adopsyon, bezwen timoun nan dwe tonbe nan kategori pousantaj chak distri sèvis sosyal etabli. Yo dwe bay dokiman ki montre kondisyon pou kalifikasyon pousantaj yo respekte.

Kijan yo soumèt aplikasyon yo?

Yo soumèt yon aplikasyon pou sibvansyon adopsyon nan fòm akò sibvansyon adopsyon an pou detèminasyon kalifikasyon ak apwobasyon. Pwochen paran adoptif yo ranpli akò sa a nan yon ajans adopsyon oswa nan biwo distri sèvis sosyal lokal la, se travayè sosyal yo a ki ede yo ranpli li. Yo soumèt aplikasyon an bay Biwo konte a epi bay Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi nan Eta New York la (New York State Office of Children and Family Services) pou revizyon, sof si Biwo a te voye otorite apwobasyon li a nan distri lokal la. Yo dwe fè yon bon verifikasyon pou kalifikasyon sibvansyon yon fwa sa a ak detèminasyon pousantaj sa a epi li dwe sipòte pousantaj yo etabli a. Yo dwe apwouve tout aplikasyon yo anvan finisman adopsyon an, sof si dosye a tonbe nan ti kategori ki rele demann apre finisman an oswa demann pou fè mizajou a.

Ki nivo peman yo pral apwouve pou Sibvansyon Adopsyon an?

Yon timoun ki difisil pou yo plase li yon kote epi ki kalifye pou yon sibvansyon adopsyon jeneralman pral resevwa yon pousantaj debaz. Yon timoun yo detèmine ki gen yon andikap, ka resevwa sibvansyon an a yon pousantaj debaz, espesyal, oswa eksepsyonèl. Nivo sibvansyon pou moun ki gen andikap yo, se yon desizyon administratif ki baze sou dokiman medikal ak/oswa dokiman sikolojik yo prezante a. Revizyon dokiman an gen rapò ak definisyon pousantaj sibvansyon adopsyon an dapre règleman ak kategori ke chak distri sèvis sosyal fin etabli. Yo dwe soumèt dokiman ki apwopriye a pou sipòte nivo sibvansyon yo mande a. Pwochen paran adoptif la (yo) ak travayè sosyal la pral deside kiyès ki responsab pou jwenn enfòmasyon sa yo epi li pral asire yo soumèt dokiman ki apwopriye ak aplikasyon sibvansyon an.

Distri lokal yo ka etabli nivo peman nan pousantaj debaz, espesyal oswa eksepsyonèl pou timoun ki gen andikap yo.

Gen kèk distri ki itilize revni paran an epi gwosè fanmi an pou yo ka detèmine pousantaj sibvansyon yo dwe peye a. Distri yo pa kapab apwouve mwens pase 75 pousan nan pousantaj ki apwopriye a.

Ki dokiman ki obligatwa?

Tout dosye yo:

Règleman yo mande pou se yon doktè, yon sikològ, oswa yon sikyat ki dwe bay dokiman yo. Sibvansyon yo baze sou pwoblèm aktyèl yo, men se pa sou pwoblèm ki ka rive alavni. Objektif dokiman an se pa pou kalifye timoun nan pou pousantaj debaz, espesyal oswa eksepsyonèl la - men li la pou dekri bezwen timoun nan. Doktè ak pwofesyonèl sante mantal yo pa oblije konnen règleman yo, epi yo pa atann yo pral fè rekòmandasyon sou pousantaj yo. Travayè sosyal yo rekòmande pousantaj yo, epi apwobasyon final la se yon fonksyon administratif.

Premye aplikasyon (anvan finisman an):

Prèske tout aplikasyon pou sibvansyon adopsyon yo soumèt anvan finisman an. Yo ka soumèt akò aplikasyon pou sibvansyon adopsyon an lè timoun nan lakay pwochen paran adoptif la (yo). Aplikasyon ki baze sou sityasyon moun ki gen andikap yo dwe genyen dokiman ki dekri pi wo a. Sa a ta dwe ajou (mwens pase yon lane). Doktè yo dwe presi konsènan bezwen timoun yo, dekri konpòtman, frekans ak gravite pwoblèm nan, kondisyon entèvansyon yo, tès, rezilta, dyagnostik, rekòmandasyon pou tretman, ak pwonostik. Tout premye aplikasyon pou sibvansyon adopsyon yo dwe resevwa apwobasyon final la anvan finisman adopsyon an, pou yo ka reponn ak egzijans federal yo epi pou asire peman Sipò ak Sibvansyon Medikal la oswa Asistans Medikal la si sa nesèsè. Si yon premye aplikasyon pwovoke yon odyans san patipri, jeneralman yo dwe soumèt yon nouvo aplikasyon epi yo dwe apwouve li anvan finisman an, apre odyans san patipri a.

Demann Apre Finisman an:

Adopsyon timoun nan Eta New York ki fèt san sibvansyon, kapab kalifye pou yon demann sibvansyon apre finisman an, nan sèten sikonstans ki trè limite. Timoun ki gen yon maladi ki te egziste deja epi paran an pa t konn sa nan moman finisman adopsyon an epi yo jwenn li gen maladi a apre yo fini ak adopsyon an, enben timoun sa yo kapab kalifye pou Sipò Eta a/gouvènman lokal la ak/oswa pou Sibvansyon Medikal. Pwosesis aplikasyon an egzije menm kalite dokiman ak premye aplikasyon an epitou li dwe genyen yon sètifikasyon ki di demann lan kouvri yon maladi ki egziste deja. Anplis de sa, pwofesyonèl medikal oswa pwofesyonèl sante mantal la dwe verifye dat dyagnostik la.

Demann pou fè mizajou:

Timoun yo adopte ak yon sibvansyon yo, kapab vin pi grav anba premye maladi yo te apwouve sibvansyon pou li an. Si kondisyon sa yo chanje yon fason pou respekte kalifikasyon ki la pou yon pousantaj ki pi gwo, yo ka mande yon aplikasyon pou yon mizajou. Yo dwe sipòte aplikasyon sa a avèk egzamen aktyèl la (yo), li dwe dokimante chanjman ki fèt nan bezwen timoun nan, epi li dwe respekte tout lòt egzijans ki genyen konsènan dokiman. Yo p ap apwouve demann pou fè mizajou pou maladi ki ret menm jan an oswa ki estab epi ki te egziste nan moman adopsyon an men yo pa t dokimante li nèt. Desizyon pou yo bay yon mizajou se chwa distri sèvis sosyal lokal la ak Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi an.

Kisa ki pa sipòte sibvansyon yo?

Gen yon gwo kantite aplikasyon ki gen enfòmasyon ki soti nan men pwochen paran adoptif la (yo), pwofesè, Plan Edikasyon Pèsonalize (Individualized Education Plan, IEP), fòm OP-5 oswa ekivalan yo, fizyoterapet, òtòfonis, ak ègoterapet. Sous sa yo ka sipòte, men yo pa ka ranplase dokiman ki nesèsè yo. Yo rekonèt gwo kantite travay pwofesyonèl medikal yo; men, nòt pwogrè yo, otorizasyon pousantaj yo, yon fòm preskripsyon ki siyale yon pwoblèm, ak yon dyagnostik san yo pa sipòte antesedan sikososyal yo, pa p ase kòm dokiman pou yon detèminasyon pousantaj.

Objektif egzamen an se pa pou kalifye timoun nan pou yon pousantaj an patikilye; men se pou evalye bezwen timoun nan epi montre frekans ak gravite konpòtman ak pwoblèm espesyal ki egzije pou paran an bay sèvis yo. Dokiman yo aksepte yo dwe pase anba yon bon verifikasyon.

Kisa k ap rive pou pwoblèm alavni yo?

Anpil timoun gen risk pou yo devlope pwoblèm alavni, pwoblèm sa yo pa parèt aklè nan moman premye aplikasyon pou sibvansyon adopsyon an. Yo ka ekri risk la nan dokiman ki gen premye demann sibvansyon an, epi si pwoblèm ki lye yo vin lakòz bezwen timoun nan ogmante, enben yon aplikasyon pou yon mizajou ka fin fèt alavni. Timoun ki devlope lòt kalite pwoblèm ki pa gen rapò ak maladi ki egziste deja yo oswa yo dirèkteman ka lye yo a sikonstans anvan adopsyon an, enben timoun sa yo p ap kalifye pou asistans apre adopsyon an.

E si dosye a pa reponn ak egzijans ki genyen pou l ka jwenn yon sibvansyon?

Gen kèk fwa lè aplikasyon pou sibvansyon adopsyon an pa respekte okenn nan kalifikasyon pou timoun ki difisil pou yo plase yo yon kote yo epi lè yo pa ka pwodui dokiman pou jistifye definisyon moun ki gen andikap la oswa pou pousantaj yo te soumèt aplikasyon an. Yo ta dwe fè tout efò pou asire ke dokiman ki nesèsè yo disponib epi asire yo revize yo. Men, lè yo pa kapab apwouve dosye a jan yo mande l la, epi paran an (yo) refize yon pousantaj ki pi ba malgre li (yo) kalifye pou li, oswa yo pa kalifye pou okenn lòt pousantaj, y ap refize dosye a. Yo ka fè refi a nan nivo lokal la, lè yo jije timoun nan pa kalifye pou sibvansyon adopsyon an, oswa li ka fèt nan apwobasyon final la. Ofisyèl lokal oswa ofisyèl eta yo dwe voye yon lèt refi ki enfòmè paran an (yo) konsènan dwa li (yo) genyen pou li (yo) mande yon odyans san patipri nan espas swasant (60) jou apre refi pou aplikasyon sibvansyon adopsyon an. Pwosesis odyans san patipri a bay mwayen pou paran an (yo) kesyone desizyon yo. Ofisyè odyans yo revize aplikasyon an dapre lwa ak règleman yo, epi yo bay yon desizyon an repons a demann pou odyans san patipri a.

Ki fason yo ka akselere pwosesis sibvansyon yo?

Yo bay sibvansyon yo kòm yon pati nan pwosesis adopsyon an nan plis pase 80 pousan nan dosye yo; kidonk, li enpòtan pou travayè sosyal yo dwe konnen pwosesis aplikasyon an. Enfòmasyon ki nesèsè yo

pa diferan ak enfòmasyon ki ta dwe itilize pou yon detèminasyon pousantaj pou fwaye dakèy (gade nan Glosè a: Foster Care Board Rate) (Tablo Pousantaj pou Fwaye Dakèy). Koleksyon bon done ki reponn ak egzijans règleman yo ka kòmanse anvan pwosesis pou mete fen nan dwa paran yo rive. Enfòmasyon yo ka bezwen mizajou, men yo ka etabli yon baz solid lè yo plase yon timoun yon kote.

Pou fè pwosesis aplikasyon an fonksyone pi vit epi san pwoblèm:

Sa pou Fè

Kolekte dosye egzamen ki presi, konplè epi ajou nan men pwofesyonèl ki nesèsè yo pou tout timoun ki nan swen yo. Lè sa toujou fèt depi lè timoun nan antre nan fwaye dakèy la, fanmi yo pral resevwa pousantaj kòrèk yo otorize chak ane pou reponn ak bezwen timoun nan, epi paran yo pral gen atant reyèl nan pousantaj yo gen chans resevwa a.

Travay ak pwofesyonèl medikal epi pwofesyonèl sante mantal pou pataje objektif egzamen yo ak kontni ki obligatwa yo.

Planifye pou fè yo reyalize egzamen aktyèl yo, yon fason pou ka gen rapò ki ajou epi ki disponib pou lè yo soumèt akò sibvansyon an.

Evalye bezwen timoun nan selon kondisyon AKTYÈL li (se pa sa k pase deja yo oswa sa yo prevwa yo).

Ede pwochen paran adoptif la (yo) ak fòmasyon ki nesèsè yo epi idantifye resous yo pou asire ke rekòmandasyon tretman yo respekte.

Revize tout materyèl yo soumèt yo. Yo dwe konplè epi ajou.

Li 18 NYCRR 421.24 ak 427.6 nan bibliyotèk politik ou a. Sèvi ak sa a pou pran desizyon.

Voye yon mesaj pa imèl bay NYSAS, poze kesyon sou entèpretasyon règleman ak politik la.

Sa Pou Pa Fè

- Pa pwomèt yon pousantaj a pwochen paran adoptif la (yo) anvan apwobasyon final la.
- Pa mande yon pousantaj ke dokiman an pa sipòte (jistifye).
- Pa soumèt enfòmasyon ki pa konplè oswa materyèl ki gen plis pase yon (1) ane.
- Pa fini yon adopsyon anvan yo apwouve akò sibvansyon an. Sa pral gen enpak negatif sou peman an epi li ka fè pa gen okenn peman medikal oswa peman sipò ki fèt.

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Sèvis Adopsyon nan Eta New York la (New York State Adoption Service) nan **1-800-345-KIDS (5437)** Oswa voye yon mesaj pa imèl ba nou nan: adopt.me@ocfs.ny.gov.

Fason Pou Resevwa Peman pou Sibvansyon Adopsyon

Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi nan Eta New York la (New York State Office of Children and Family Services) ak departman sèvis sosyal lokal yo bay avantaj adopsyon yo elektwonikman pa mwayen depo dirèk oswa pa mwayen yon kat debi ki gen yon mak nasyonal.

Peman Elektwonik

Itilize NYEPAY

(Log In) Konekte nan NYEPAY pou w ka chwazi peman w lan epi gade relve peman chak mwa w la. Epitou, ou kapab jere kont ou a epi chanje enfòmasyon bankè w yo si sa nesesè.

Kòman pou Mwen konekte epi navige sou sit entènèt NYEPAY la?

Opsyon 1 - DEPO DIRÈK: Èske Ou gen yon kont labank deja?

Fè yo depoze avantaj yo sou kont kouran ou genyen ki egziste deja a pou w ka gen yon aksè imedyat.

Pou kreye yon kont NYEPAY, ale sou sit entènèt NYEPAY la.

OSWA

Pou mete depo dirèk la sou kont kouran w lan, sèvi ak Fòm Otorizasyon Depo Dirèk la/Kat Debi pou Sibvansyon Adopsyon an (Adoption Subsidy Direct Deposit/Debit Card Authorization Form):

- OCFS-4744 - Adoption Subsidy Direct Deposit/Debit Card Authorization Form
- OCFS-4744-S - Formulario de Autorización de Depósito Directo o en Tarjeta de Débito del Subsidio de Adopción
- OCFS-4744 - Fòm Otorizasyon Depo Dirèk la/Kat Debi pou Sibvansyon Adopsyon an (Adoption Subsidy Direct Deposit/Debit Card Authorization Form)

Opsyon 2 - KAT DEBI

Yo otomatikman depoze kat sibvansyon mansyèl ou a sou kat ou a.

Sèvi ak kat ou a tout kote yo aksepte kat debi Master Card - nan ATM, nan bank, nan magazen, epi sou entènèt.

Retire sibvansyon w lan pa franch nan ATM, nan bank oswa nan magazen ki vann an detay yo.

MasterCard KeyBank lan bay plis fason pou gen aksè a lajan w epi jere lajan w san w pa peye okenn frè.

MasterCard KeyBank lan bay bagay sa yo:

- Acha **gratis** kote y ap vann yo ansanm ak opsyon diskont kay detayan k ap patisipe yo, men se pou tranzaksyon ki fèt ak yon PIN.
- Retrè lajan kach **san limit** nan nenpòt gichè bank ki se manm MasterCard.
- **Pa gen frè** pou sèvis sa yo:
 - a. Retrè ATM nan ATM ki pou KeyBank ak nan ATM Allpoint yo.
 - b. Voye lajan etan sou entènèt dirèkteman sou yon kont kouran pèsònèl oswa yon kont epay pèsònèl.
 - c. Kontakte sipò kliyantèl KeyBank lan atravè nimewo gratis sa a: 1-866-295-2955, oswa sou sit entènèt ki fèt pou moun ki gen kat yo: www.key2benefits.com.
- **Gade** lis konplè tout frè pou Key2Benefits pou kat sibvansyon pou adopsyon masyèl ou a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou MasterCard KeyBank lan (KeyBank MasterCard) ale sou sit entènèt li a: key.com/business/key2benefits/.

Pou kesyon yo, tanpri rele Sant Apèl Peman Elektwonik OCFS la (OCFS Electronic Payment Call Center) nan 1-877-437-7855 oswa voye yon mesaj pa imèl ba nou nan ocfs.sm.electronic.payments@ocfs.ny.gov.

- **Frequently Asked Questions**
- **Preguntas Frecuentes**
- **Kesyon Moun Poze Souvan**

Pou w ka enskri pou depo dirèk oswa pou kat debi a, oswa pou w revize relve avi peman w lan, ale sou sit entènèt NYEPAY la.

Avantaj Fiskal yo

Eksklizyon Kredi Taks pou Adopsyon an epi pou Avantaj yo

Fanmi adoptif yo kapab pran yon kredi taks pou **frè adopsyon yo peye** pou adopte yon timoun ki **kalifye**. Kredi adopsyon an pa disponib pou frè yo ranbouse yo, tankou frè adopsyon ki pa renouvlab. Anplis kredi a, sèten montan patwon w lan ranbouse w pou frè adopsyon yo aksepte yo, kapab ekskli nan revni brit ou a. Kredi ak esklizyon pou frè adopsyon ki aksepte yo, yo chak gen yon limit fiks ak yon limit ki kalkile sou pousantaj revni.

Timoun Ki Kalifye yo

Yon **timoun ki kalifye** se:

- Nenpòt timoun ki poko gen 18 lane. Si timoun nan te vin gen 18 lane pandan ane a, timoun nan se yon timoun ki kalifye pou yon pati nan ane li pa t ko gen 18 lane a.
- Nenpòt moun ki gen yon andikap fizikman oswa mantalman epi ki pa kapab pran swen tèt li.

Frè Adopsyon Yo Aksepte yo

Frè adopsyon yo aksepte yo, se:

- Frè pou adopsyon,
- Frè pou avoka,
- Frè pou tribinal,
- Frè pou vwayaj (gen ladan manje ak lojman) pandan w lwen lakay ou, epi
- Frè pou re-adopsyon ki gen rapò ak adopsyon yon timoun etranje.
- Frè adopsyon yo aksepte yo pa gen ladan l frè ke:

Ou te resevwa lajan nan kad yon pwogram Eta, lokal oswa federal,

Ki vyole lwa Eta a oswa lwa federal la,

- Pou fè yon aranjman pou yon paran ranplasan,
- Pou adopsyon pitit mari oswa madanm ou an,
- Patwon w lan oswa nenpòt lòt moun oswa òganizasyon w lan peye oswa ranbouse,
- Yo peye anvan 1997, oswa
- Yo otorize kòm yon kredi oswa yon dediksyon dapre tout lòt dispozisyon lwa federal pou taks sou revni an.

Fòm 8839 IRS la (IRS Form 8839)

Fòm 8839 IRS la ap ede w detèmine kantite kredi adopsyon w lan ak nenpòt avantaj adopsyon patwon an bay, ke ou ka eskli nan revni w lan. Ou ka reklame ni kredi a epi ni esklizyon pou frè yo mete pou adopte yon timoun ki kalifye. Ou ka jwenn enstriksyon pou ranpli Fòm 8839 IRS la (IRS Form 8839) nan: irs.gov/instructions/i8839/ch01.html#d0e21.

Resous Anplis sou Kredi Taks pou Adopsyon

13-OCFS-ADM-05 - Notifikasyon pou Pwochen Fanmi Adoptif yo sou Kredi Taks Federal pou Adopsyon an (PDF)

Depatman Trezò Sèvis Fiskal Entèn Sijè 607 (Department of the Treasury Internal Revenue Services Topic 607) - Kredi Adopsyon an eksplike gen de (2) avantaj taks ki disponib pou konpanse depans ki fèt nan kad adopsyon yon timoun.

Pou jwenn èd kontakte Internal Revenue Services nan www.irs.gov oswa yon konseye fiskal.